# Шоманайда 35 километрлик жол енди 2 километр болды

Image not found or type unknown

**Шоманай районы «Бирлешик» аўыл пуқаралар жыйыны аймағындағы (Қарақалпақстанның 40 жыллығы бөлиминдеги) пуқаралар район орайына барыў ушын 35 километрлик жерден айланып, Шоманай арнасын кесип өтетуғын еди. Буған себеп, улыўма пайдаланыўдағы 4Н-38А автомобиль жолының 1,2 километринде жайласқан көпирдиң жарамсыз жағдайға келип қалғанлығы еди.**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 1-марттағы 21-санлы мәжилис протоколы тийкарында көпирде оңлаў жумыслары алып барылып, қайтадан қурылды ҳәм көпир үсти автомобиль жолына да жаңадан асфальт төселди. Ең баслысы пуқаралар 35 километр аралықтан айланбай, 2 километр жол жүрип район орайына шығып кете алатуғын болды, – деп жазбақта «Қарақалпақавтожол» баспасөз хызмети.

Көпирдиң салтанатлы ашылыў мәресиминде қатнасқан аўыл турғынлары, жасыүлкенлердиң қуўанышы шексиз. Енди мектепке қатнайтуғын оқыўшылар да бул көпирден қорқпай өте алады. Машқала унамлы шешимин тапты.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги.**